

**SELEKSI KARYA SASTRA LAN BUDAYA JAWA
DINAS KEBUDAYAAN (KUNDHA KABUDAYAN) DIY
TAHUN 2021**

Tata cara seleksi:

1. Tema: Aksara Jawa Anjayeng Bawana.
(nglestantunaken saha ngrembakakaken Aksara Jawa ing alam modheren)
2. Seleksi Karya Sastra lan Budaya Jawa minangka Sub Kegiatan Pembinaan, Pengembangan Bahasa dan Sastra Dinas Kebudayaan (*Kundha Kabudayan*) DIY tahun 2021.
3. Asiling seleksi awujud **Buku Antologi Geguritan, Antologi Crita Cekak, lan Antologi Esai**.
4. Pasarta warga Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY) kinanthen *scan* KTP, warga dhomisili DIY kinanthen *scan* Surat Keterangan Dhomisili saking pamarentah utawi Kartu Tanda Mahasiswa kampus ing DIY.
5. Seleksi awujud (1) laras kalihan tema; (2) lantipipun basa Jawa; (3) bobot isi saha kreasi.
6. Migunakaken aksara Latin.
7. Migunakaken basa **Jawa Krama**.
8. Naskah boten ngandhut prakawis SARA saha babagan sadhisme-pornografi.
9. Seratan karya enggal ingkang dereng dipunpacak ing medhia, dereng dipunterbitaken, saha boten dipunelokaken ing antologi/seleksi sanesipun. Karya sanes terjemahan, sanes ringkesan, sanes sadhuran, saha sanes tedhakan.
10. Dipunketik ing *microsoft word*, kertas kwarto A4, Arial 11, *spasi 1,5 lines, margin (rata atas-bawah-kanan-kiri 3-3-3-3)*.
11. Paugeran:
 - a. Geguritan: saben pasarta saged ngintun geguritan paling kathah 5 (gangsals) judhul.
 - b. Crita Cekak: panjang crita cekak paling kathah 7 (pitung) kaca (tanpa gambar). Saben pasarta namung saged ngintun crita cekak 1 (setunggal) judhul. Crita cekak migunakaken ***narasi basa Jawa Krama***.
 - c. Esai Sastra-Budaya: panjang esai paling kathah 10 (sedasa) kaca. Saben pasarta namung saged ngintun esai 1 (setunggal) judhul.
12. Pasarta saged nyerat Geguritan, Crita Cekak, saha Esai Sastra-Budaya.
13. Kangge nglarasaken Protokol Kesehatan, panitia namung nampi naskah *soft copy (file)* ingkang dipununggah wonten ing:

bit.ly/daftar-karyasasbud-diy-2021
14. Naskah dipununggah paling randhat tanggal **21 Juni 2021**.
15. Karya-karya ingkang lolos seleksi dipunpacak ing buku antologi, pasarta ingkang sasab pikantuk sembulih saha buku antologi 1 (setunggal) eksemplar.
16. Karya ingkang dipunpacak dados hak milik Dinas Kebudayaan (*Kundha Kabudayan*) DIY
17. Keputusan panitia asipat mutlak.

Narahubung: Novi 0813-3980-3982

